

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar analisis nu dipedar di bab opat ngeunaan ngaronjatna antara hasil data prétes jeung postés dina nulis karangan éksposisi siswa kelas VII A SMPN 14 Bandung saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *writing workshop* bisa dicindekkeun yén :

- 1) Kamampuh awal (prétes) siswa kelas VII A SMPN 14 Bandung dina nulis karangan éksposisi saméméh ngagunakeun modél *writing workshop* asup kana katégori can mampuh sabab rata-rata peunteun siswa nya éta 60 kalayan rata-rata skor 17,9 tina jumlah skor 538. Siswa nu skorna kurang aya 22 urang sedengkeun siswa nu skorna cukup ngan aya 8 urang, hartina dina ieu prétes siswa nu mampuh aya 26,6% sedengkeun siswa nu asup katégori can mampuh dina nulis karangan éksposisi aya 73,3%. Salian ti éta, dina prétes ogé aspék-aspék nu dipeunteun dina nulis karangan éksposisi aya opat aspék nu asup katégori kurang nu diantarana nya éta : (1) Organisasi jeung tampilan eusi kalayan skor rata-ratana 2,7 tina jumlah skor 83, (2) Gaya Basa kalayan skor rata-ratana nya éta 2,9 tina jumlah skor 87, (3) Wangun Gramatikal nu skor rata-ratana 2,9 tina jumlah skor 88 jeung (4) Éjaan kalayan skor rata-ratana nya éta 2,6 tina jumlah skor 78 sedengkeun dua aspék nu lianna nya éta aspék kualitas jeung lingkup eusi kalayan skor rata-ratana 3,0 tina jumlah skor 92 asup katégori sedeng sarta nu pamungkas nya éta aspék karapihan tulisan nu skor rata-ratana nya éta 3,6 tina jumlah skor 110 asup katégori hadé. Ku kituna, tina hasil prétes ieu bisa dicindekkeun yén siswa kelas VII A SMPN 14 Bandung can mampuh dina nulis karangan éksposisi.

Feni Ritasari, 2013

*Modél Writing Workshop Pikeun Ngaronjatkeun*

*Kamampuh Nulis Karangan Éksposisi*

(Studi Kuasi Éksperimén ka Siswa Kelas VII A SMP Negeri 14 Bandung

Taun Ajar 2012/2013)

2) Kamampuh ahir (postés) siswa kelas VIIA SMPN 14 Bandung dina nulis karangan éksposisi sabada ngagunakeun modél *writing workshop* nunjukeun katégori mampuh kalayan jumlah skor 666 nu skor rata-ratana 22,2 sarta peunteun rata-rata ti sakabéh siswa nya éta 74. Siswa nu mampuh dina nulis karangan éksposisi aya 27 urang sedengkeun nu masih kénéh can mampuh aya 3 urang saupama dipersentasekeun siswa nu mampuh aya 90% sedengkeun siswa nu can mampuh kénéh aya 10%. Salian ti éta, dina hasil postés ieu aspék-aspék nu dipeunteun dina nulis karangan éksposisi ogé nunjukkeun paningkatan. Saperti opat aspék nu nunjukkeun katégori hadé diantarana nya éta: (1) aspék kualitas jeung lingkup eusi kalayan skor rata-ratana 3,6 tina jumlah skor 109, (2) aspék wangun gramatikal kalayan skor rata-ratana 3,5 tina jumlah skor 105, (3) aspék éjaan kalayan skor rata-ratana 3,9 tina jumlah skor 119 jeung (4) aspék karapihan tulisan kalayan skor rata-ratana 4,3 tina jumlah skor 130 sedengkeun dua aspék lainna masih asup katégori sedeng diantarana nya éta aspék organisasi jeung tampilan kalayan jumlah skor 102 nu skor rata-ratana 3,4 jeung aspék gaya basa kalayan skor rata-ratana 3,2 tina jumlah skor 97. Ku kituna, tina hasil postés ieu bisa dicindekkeun yén kamampuh siswa kelas VIIA SMPN 14 Bandung sabada ngagunakeun modél *writing workshop* jadi mampuh dina nulis karangan éksposisi.

3) Uji gain tina ieu panalungtikan nétélakeun ngaronjatna hasil prétés jeung postés dina nulis karangan éksposisi siswa kelas VIIA SMPN 14 Bandung. tina hasil uji gain éta katitén yén nalika prétés jumlah skor dina nulis karangan éksposisi nya éta 538 kalayan skor rata-ratana nya éta 17,9 nu peunteun rata-

Feni Ritasari, 2013

*Modél Writing Workshop Pikeun Ngaronjatkeun*

*Kamampuh Nulis Karangan Éksposisi*

(Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII A SMP Negeri 14 Bandung

Taun Ajar 2012/2013)

ratana ngan 6,0 (60) asup kana katégori can mampuh sedengkeun dina postés jumlah skor siswa kelas VIIA ngaronjat jadi 666 kalayan skor rata-ratana jadi 22,2 nu peunteun rata-ratana jadi 7,4 (74) asup kana katégori mampuh. Hartina tina hasil prétés ka postés jumlah skorna ngaronjat 128 atawa rata-rata jumlah skor ngaronjat 4,26. Salian ti éta, tina uji gain ieu bisa katitén ogé ngaronjatna aspék-aspék nu dipeunteun dina nulis karangan éksposisi nu diantarana nya éta: (1) aspék kualitas jeung lingkup eusi ngaronjat 17 skor atawa skor rata-ratana ngaronjat 0,6, (2) aspék organisasi jeung tampilan eusi ngaronjat 19 skor atawa skor rata-rata aspék organisasi jeung tampilan eusi ngaronjat 0,7, (3) aspék gaya basa ngaronjat 10 skor atawa skor rata-ratana ngaronjat 0,3, (4) aspék wangun gramatikal ngaronjat 17 skor kalayan skor rata-ratana ngaronjat 0,6, (5) aspék éjaan ngaronjat 41 skor nu skor rata-ratana ngaronjat 1,3, (6) , aspék karapihan tulisan jumlah skorna ngaronjat 20 skor kalayan skor rata-ratana ngaronjat 0,7. Ku kituna, gedéna pangaruh modél *writing workshop* pikeun nulis karangan éksposisi siswa kelas VIIA SMPN 14 Bandung nya éta 4,3 atawa 14,3 % hartina modél *writing workshop* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis karangan éksposisi siswa kelas VIIA SMPN 14 Bandung.

- 4) Tina uji gain tétéla yén modél *writing workshop* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis karangan éksposisi siswa kelas VII A SMPN 14 Bandung. hal éta dirojong ogé ku ayana uji hipotésis nu nétélakeun  $t_{itung} > t_{tabel}$ , nya éta  $9,9 > 2,7$  nu hartina hipotésis kerja ( $H_a$ ) dina ieu panalungtikan ditarima yén aya béda nu signifikan antara hasil prétés jeung postés siswa kelas VII A SMPN 14 Bandung saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *writing workshop*. Ku kituna, modél *writing workshop* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis karangan éksposisi siswa kelas VIIA SMPN 14 Bandung.

Feni Ritasari, 2013

**Modél Writing Workshop Pikeun Ngaronjatkeun**

**Kamampuh Nulis Karangan Éksposisi**

**(Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII A SMP Negeri 14 Bandung**

**Taun Ajar 2012/2013)**

## 5.2 Rékoméndasi

Sabada dilaksanakeunna panalungtikan di SMPN 14 Bandung anu judulna “Modél *Writing Workshop* Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Karangan Éksposisi” aya sababaraha hal nu baris ditepikeun sangkan ieu panalungtikan bisa leuwih ngaronjatkeun kamampuh siswa dina pangajaran nulis, nu diantarana nya éta :

- 1) Modél *writing workshop* kabuktian bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis siswa dina nulis karangan éksposisi, dipiharep bisa digunakeun ogé ku guru mata pelajaran pikeun leuwih ngaronjatkeun kompetensi pangajaran séjénna, saperti nulis éséi, déskripsi, narasi, sajak jeung sajabana nu masih patali jeung mata pelajaran bahasa.
- 2) Saupama rék ngajarkeun nulis karangan ngagunakeun modél *writing workshop* saéstuna siswa kudu dibéré stimulus heula pikiranana sangkan bisa meunangkeun ide saloba-lobana, lantaran sabada panalungtikan di kelas VIIA

Feni Ritasari, 2013

*Modél Writing Workshop Pikeun Ngaronjatkeun*

*Kamampuh Nulis Karangan Éksposisi*

(Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII A SMP Negeri 14 Bandung

Taun Ajar 2012/2013)

SMPN 14 Bandung lolobana siswa hésé meunangkeun ide pikeun nulis hiji karangan kalayan alesan bingung kudu nulis naon.

- 3) Dina prosés diajar ngajar ngeunaan nulis hiji karangan, guru kudu nungtun siswa dina nyieun hiji karangan sabab pangaweruh siswa masih keneh kawatesanan boh dina nangtukeun hal naon nu kudu ditulis, struktur karangan, jeung nu paling penting nya éta guru kudu nungtun siswa dina struktur éjahan nu bener lantaran sabada panalungtikan dikelas hususna VII A, rata-rata siswa teu paham kana struktur éjahan Basa Sunda.
- 4) Kusabab ieu panalungtikan téh ngagunakeun métode kuasi ékspérimén nu sumber datana ngan sakelas nya éta kelas VIIA, dina panalungtikan nu saterusna dipiharep sangkan nu dijadikeun populasi panalungtikan leuwih lega wengkuanana sangkan hasil panalungtikan bisa leuwih digeneralisikeun.

Feni Ritasari, 2013

*Modél Writing Workshop Pikeun Ngaronjatkeun*

*Kamampuh Nulis Karangan Éksposisi*

(Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII A SMP Negeri 14 Bandung

Taun Ajar 2012/2013)